



RICK SCOTT
GOVERNOR

JUSTIN M. SENIOR
SECRETARY

HeadOfHousehold
AddressLine1 AddressLine2
RecipientCity RecipientState 1234567890

27 jen, 2017



Lèt sa-a konfime ke ou mande pou anwole moun ki nan fanmi'w ki make anba-a nan yon plan ki pou Kontwole Asistans Medikal li (MMA):

Non	Plan	Nimewo telefòn Plan
RecipientName	HealthPlanName	(123)456-7890

Anwolman'w nan plan sa-a ap kòmanse 7/1/2017. *Anatandan, w'ap kapab resevwa sèvis Medicaid ou, jan w'ap resevwa yo kounye-a.*

Sil vou plè, Note Byen: Si kwalifikasyon'w pou Medicaid chanje, ou gendwa pa kapab enskri nan yon plan MMA. Asire'w ke'w kenbe tout enfòmasyon yo voye retounen ba ou yo, ak sa pou randevou yo, ke Depatman Timoun ak Fanmi oubyen Administrasyon Sosyal Sekirite mande, ki gen rapò avèk kwalifikasyon'w.

Kisa K'ap Pase Aprè?

- Plan'w lan ap voye kat ID'w pou ou, yon manyèl manm, ak yon lis doktè.
- Si'w pako chwazi yon Doktè Prensipal (PCP), Plan'w lan ap chwazi youn pou ou. W'ap kapab chanje doktè-a nenpòt kilè, lè'w rele plan-an.
- Pran randevou avèk Doktè'w la pou evalyasyon regilye.
- Si-w gen kesyon apwopo de sèvis plan'w lan ofri, rele plan-an.

**Ou gen dwa pou'w chanje plan
Gade dèyè paj la pou dwa ou genyen pou chanje plan'w.**



DWA'W POU CHANJE PLAN

Kou ou fin enskri nan plan'w lan, w'ap gen 120 jou pou chanje plan. Si ou vle chwazi yon lòt plan, ou oblije fè sa avan 10/29/2017. Aprè dat sa-a si ou ta renmen chanje plan, w'ap kapab fè sa, sèlman yon fwa pa ane nan tan espesyal ki rele Anwolman Ouvri-a. Avan peryòd Anwolman Ouvri-a kòmanse, w'ap resevwa yon lèt ki pou raple'w avèk enfòmasyon de chwa ou ka fè yo.

Si ou ta renmen chanje plan nan tan ki pa nan peryòd Anwolman Ouvri-a, w'ap oblije genyen yon bon rezon ke leta apwouve. Pou plis enfòmasyon oubyen pou'w ka konnen si'w gen yon bon rezon, rele 1-877-711-3662 oubyen vizite www.flmedicaidmanagedcare.com.